



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE OUVÈTI ENSKRIPSYON POU NOUYÒKÈ YO
PWOLONJE JISKA 15 ME PANDAN MACHE FEDERAL LA AP REOUVRI POU
PLIZYÈ MILYON AMERIKEN**

Nouyòkè yo ka [aplike kounye a](#) pou kouvèti asirans sante atravè NY State of Health oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo

Mete New York sou menm liy ak Mache Federal ak divès Mache Eta a k ap pwolonje enskripsyon yo

Pandan repons ak distribisyon vaksen COVID-19 la ap kontinye nan tout eta a, bon kalite asirans sante pi enpòtan ke jamè

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Peryòd Ouvèti Enskripsyon pou asirans sante New York ap pwolonje jiska 15 me 2021, pou ale nan menm sans ak eta atravè peyi a. Ak ekstansyon sa, New York rejwenn [Mache federal la](#) ak lòt Mache ki baze nan eta a k ap bay kliyan yo plis tan toujou pou enskri pou 2021 an. Nouyòkè yo ka aplike pou kouvèti asirans atravè [NY State of Health](#) (Sante Eta New York), mache asirans sante New York, oswa dirèkteman atravè konpayi asirans yo.

"Pandan nou kontinye ap navige nan gwo defi kriz COVID-19 ki ankou a poze epi n ap travay pou rekonstriksyon pou yon mond apre pandemi an, asire ke Nouyòkè yo gen aksè nan swen sante bon mache, pi enpòtan ke jamè", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Etap bon sans sa pou pwolonje ouvèti enskripsyon an ale nan menm sans ak mezi gouvènman federal yo epi l ap ede Nouyòkè yo kenbe tèt yo ak fanmi yo an sekirite. Mwen ankouraje chak moun pou sezi opòtinite sa pou eksplòre diferan plan NY State of Health genyen pou ofri epi vin asire jodi a".

Dat kòmansman kouvèti asirans yo pral varye:

- **Enskri 15 mas: Kouvèti asirans ap kòmanse premye avril**
- **Enskri dis 15 avril: Kouvèti asirans ap kòmanse premye me**
- **Enskri dis 15 me: Kouvèti asirans ap kòmanse premye jen**

Pifò moun ki enskri sou mache yo kalifye pou èd finansye pou diminye depans kouvèti yo. Ekstansyon sa pèmèt moun ki kalifye pou asirans nan Plan Sante ki Kalifye gen plis tan pou enskri pou asirans an 2021. Enskripsyon an rete ouvè pou tout pwogram NY State of Health yo, ki espesyalman enpòtan pandan ijans sante piblik ki ankou an.

Moun ki kalifye pou lòt pwogram NY State of Health—Medicaid, Essential Plan ak Child Health Plus yo—ka enskri pandan tout ane a. Kòm toujou, konsomatè yo ka aplike pou kouvèti atravè NY State of Health sou entènèt nan nystateofhealth.ny.gov, nan telefòn nan 1-855-355-5777, oswa lè yo konekte ak yon [asistan enskripsyon](#) gratis.

Direktè Egzekitif NY State of Health la Donna Frescatore te deklare, "Sou lidèchip Gouvènè Cuomo, New York ap pwolonje Peryòd Ouvèti Enskripsyon an, k ap bay Nouyòkè ki pa asire yo plis tan pou jwenn kouvèti sante dekalite, bon mache yo bezwen an. Lè ou genyen kouvèti sante, sa enpòtan anpil pandan Nouyòkè yo kontinye ap goumen kont pandemi an epi efò vaksinasyon yo ap kontinye. Enskri jodi a".

Direktris Depatman Sèvis Finansye a, Linda A. Lacewell, te deklare, "Asire aksè nan swen medikal bon mache epi dekalite pou tout Nouyòkè enpòtan anpil pandan pandami mondyal ki ankou a. Sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, New York te pwolonje peryòd ouvèti enskripsyon li a ankò, pou ale nan menm sans ak dekrè egzekitif Prezidan Biden nan, pou bay Nouyòkè ki pa asire yo yon lòt opòtinite pou chwazi yon konpayi asirans sante Eta New York pou gen aksè nan swen sante yo ka bezwen. Nou ankouraje Nouyòkè yo pou enskri jodi a atravè NY State of Health".

Nan dat 21 janvyè, Gouvènè Cuomo [te anonse](#) ke ouvèti enskripsyon an t ap pwolonje jiska 31 mas 2021.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou opsyon asirans NY State of Health yo pandan ijans Kowonaviris la [isit la](#).

Ou ka jwenn enfòmasyon ak resous Depatman Sèvis Finans pandan ijans Coronavirus la [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)